Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7477)
7 Июнь
Итни
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъул данделъи



Гьал къоязда букIана районалъул администрациялъул иргадулаб аппараталъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул замал, райадминистрациялъул отделазул нухмалъулел. Данделъи бачана муниципалитеталъул бетIерасул зам. ГI-М. МухIамадовас.

Данделъи байбихьана Шамильхъала поселоки Рихьуни росуги лъедалъун хьезабураб насосалъулаб станция босиялъул ва лъедалъун гьел хьезариялъул суалалдасан.

БетIерасул заместитель Хъ-М. ГIабдулхаликъовасул рагIабазда рекъон гьабсагIаталда унеб буго лъедалъун поселок хьезабиялъул жанисел сетазул экспертиза гьаби, гьеб ишалъе хIалтIизе буго хасаб проект, ай бицен гьабулеб объект ккезабун буго хасаб программаялде гьоркьобе. Насосалъул станциялъул бицунаго абизин, гьелъул гьал къоязда нилъехъе щвезе буго проекталъул экспертиза гьабураб заключение.

Гьединго Хъ. ХIажиевичас бицана хIалтIаби ахиралде щолел ругел проектазул. Гьединго гьабун рагIалде бахъунеб буго Унсоколо росулъ спортивияб зал. ХIисабалде босун буго гьал къоязда ХарачIи росулъе лъим бачиналъул тадбир тIобитIизеги. Гьединго хIисабалде босун буго Унсоколо, Генуб росабалъги цIиял парковиял зонаби рагьизе, бихьизабуна газ бачиналъеги хIалтIаби гьарулел ругилан.

Культураялъул отделалъул рахъалъ хIалтIизе ругел программабазул бицана отделалъул нач. ГIали ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна июнь моцIалъе гIемерал планал ругин, гьездасан ккола I2 июналда кIодо гьабизе бугеб Россиялъул Къо, машгьурав инсан, Россиялъул Халкъияв мастер, нилъер ракьцояв ХIамзат ГъазимухIамадовасул юбилей, Халкъазда гьоркьосеб магIарулазул фестиваль ва гIемерал цогидалги.

Гьединго ГI. МухIамадовичас бицана лъабго росулъ клубал раялъе документал кьун ругин, гьел ккола ХъахIабросу, Балахьуни ва Майданское.

Данделъиялда хъатIана гIемерал кIвар бугел суалазда ва захIмалъабазда. Щибал бицен ккарал темабазда хурхун кьуна тIаде кколезе тIадкъаял, жавабиязе гьаруна рихьизариял.

## Саназде рахинчIезул комиссиялда



7 июналда районалъул администрациялда букIана саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ комиссиялъул данделъи. Гьелъул къойил темаялде росун рукIана гIолеб гIелалъул гIумроялда ва хьвада-чIвадиялда хъатIулел суалал. Бицана жалго жидецаго чIваялде гьел ахIулел хасиятазул, хIаязул хIасилалда лъималазул гIакълуялъулъ хиси ккеялда хадуб хал ккеялъул, школазда эбел-инсул комитетал гIуцIиялъул, гьеб гуребги эменазул Совет г1уц1иялъул административиял протоколазухъ ва гIарзазухъ балагьиялъул ва гь. ц.

Данделъи бачана комиссиялъул пред., бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьес бихьизабуна лъимер жибго жинцаго чIвай ккании нилъер районалъул территориялда, гьеб кколин цIакъ захIматаб иш, жеги гIолеб гIелалда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи хIалуцинабизе кколин, гьединал хIужаби гIолеб гIелалда гьоркьор ккезе биччангутIиялъе кIвар бугел тадбирал гьаризе кколин. Гьенибго бихьизабуна Россиялъул законодательствалда рекъон эбел-инсуда тIадаб бугин жидерго лъималазе рухIиябгун гIамал-хасияталъулаб тарбия кьезе ва гьезул хьвада-чIвадиялда хадуб хал ккезе.

(Ахир 4 гьумералда)

Тарих

## М. Дахадаевасул музей

Нилъер районалъул Унсоколо росдал администрациялъул кIиабилеб этажалда буго дунялалдаго цIар рагIарав революционер, нилъер ракьцояв МахIач Дахадаевасул цIаралда бугеб музей. Гьелъие I998 соналдаса нахъе нухмалъи гьабулеб буго МухIамадова ХIалиматица.

Лъицаго кумек гьабичIого жакъа къоялде щвезегIан гьелъ бакIарун буго азарго гIанисеб батIи-батIияб тIагIел-гIучI. КIиго гьитIинаб рукъ гурони гьечIониги, ХIалиматида ракIалда буго тIаде бакIги балагьун кинабго къайи берцинго, бихьулеб куцалъ лъезе. Музеялда руго I790 соналъулцин тарих бихьизабулел тIагIелал. Районалъул цIикIкIарисел гIадамазда гьеб бихьун батиларо. Гьединлъидал лъикIаб букIинаан телевидениялъ ХIалиматил кумекалдалъун гьелъул бугеб ахIвал-хIал къватIиб загьир гьабуни.

Нилъер районалдаса бечедаб район гьечIо тарихалъул рахъалъ, амма щаялиго къватIибе загьирлъи бихьулеб гьечIо. ГIисиназдаги лъалеб гьечIони, чIахIиязги ургъел гьабулеб гьечIони, нилъер тарих лъугIунго иналда хIинкъи гьечIищ? Ххвалие жо гьабичIого нилъерго тарихалда тIад хIалтIизе заман цебего щун бугоан нилъее. Дида ракIалда буго церегIан саназ Чачаналда киоскабахъ Шамил имамасул плакатал ричулел рукIана «имам Чечни и Дагестана» абун, ай букIине ккоалан «имам Дагестана и Чечни»,-абун. Гьелеха мисал. Нилъеда бугеб тарихгицин къватIибе загьир гьабун бажарулеб гьечIо.

Къуватги жанги, бажариги, гьунар-махщелги кьеги нилъее Аллагьас, лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги.

**С. МУХIАМАДОВ**




### Внимание!

Информируем Вас о том, что подписная кампания на периодические печатные издания на второе полугодие 2021 года продолжается. На центральные периодические издания кампания завершается 20 июня. На республиканские и муниципальные – 28 июня.

Периодические издания, и в частности, муниципальная газета «Ахихъан», которая выпускается на территории нашего района, играют важную роль в информировании населения о важных изменениях в законодательстве, событиях в обществе и политике, отражают позитивные перемены, происходящие в социально-экономической сфере и общественно-политической жизни республики.

Поэтому не упустите возможность получать свежие новости и развернутые статьи по важным, актуальным вопросам.

Газета – это страницы истории, которую мы пишем вместе с вами. А также возможность расширить кругозор, быть в курсе происходящих событий и знать мнение ведущих политологов и публицистов о происходящих в мире, стране и республике.

Подписывайтесь на периодические издания и будьте в курсе всех событий!

**Ахихъан**
Районалъул газета
№28 (7477)
Итни
7 июнь 2021 сон



## 5 июнь - сверухълъи ва экология цIуниялъул Къо

ХIайванлъун гурелъул нилъ рижун ругел
Щай сверухълъиялъе чамгIаллъун ругел?
ГIакълу-лъай бугелъун БетIергьанас кьун
ЛъикIабги квешабги щай бичIчIулареб?
ЛъикIалъ лъикIлъи кьола гIолеб гIелалъе
Дуца мисал кинаб гьезие толеб?
Тараб мисал гуреб гьез босуларо
Щаллъун гIезе ругел дур наслу хадуб?

# Нилъер сахлъи ва гIумроялъул даража тIабигIаталда бараб буго

Соналдаса соналде киса-кибего экология ва сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялде кьолеб кIвар квешлъулеб буго. Гьебги хIисабалде босун щибаб субъектазда цере гIуцIун руго министерствабигун ведомстваби, гьез лъазарулел руго экологиялъулгун сверухъ бугеб тIабигIаталъул ахIвал-хIал, тIоритIулел руго субботникал, акциял ва гIемерал цогидалги тадбирал.

Щибаб санайилго улкаялда экологазул Къо кIодо гьабула сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялъул ва бацIцIадго чIезабиялъул мурадалда. Гьеб чIезабуна ООНалъул хасаб хIукмуялда рекъон. Россиялда Экологиялъул Къо чIезабуна 2007 соналда Президент В. В. Путинил Указалда рекъон.

Нилъер районалъул тIабигIат буго бицун бажаруларебгIанги берцинаб, гIадатияб гуребгIанги ракь бечедаб, гьелъул мугIрул гIорал, лъарал руго жакъа гIадаб туризм цебетIураб заманаялъе гьайбатаб сайгъат.

РачIа цойги нухалъ ракIалде щвезабизин щивасда тIабигIат цIунизе ва гьелъул тIалаб гьабизе кколебълъи. Нилъер щивасда бараб буго кинаб экология нилъер лъималазе щвезе бугебали. Нилъеца кинаб балагьи экологиялдехун гьабулеб батаниги, гьединаб букIуна нилъер лъималазул тIабигIаталдехун балагьи. Гьелъул бацIцIалъиялда бараб бугелъул нилъер сахлъи. Баркула экологиялъул ва тIабигIат цIунулезул Къо!

# Нилъ бусурбаби ратании

Исламалъ ва цогидалги диназ бихьизабула рацIцIалъи инсанасул иманалъул цо рахъ кколин. РацIцIалъи хIажалъулелъулха дин-гIибадат щвалде щвеялъе. Амма щаялиго гьеб рахъалде кьолеб кIвар гьечIо нилъеца. Бусурбаби ругоними жалго гIумро гьабун ругеб рукъги бацIцIад гьабун, къватIибехун бугеб ахIвал-хIалалде тIаса-масаго балагьула нилъ. Гьедин гьечIеб батани ралагьеха сверухълъиялде, гIодобе бан бугеб гIала-гъважаялъухъ. Щибго ургъичIого добе-гьанибехун хьвагIула кагъат, чороклъи. Жанире рачарал бакIаздехун ран рукIуна сок гьекъарал банкаби, пакетал. Дунялалдаго сурана МахIачхъалаялъул къватIал, араб соналда гIала-гъважа балел бакIазда букIараб хIалалъ. ЧIахIиял гохIал гьарун чанго къояз махIцун рукIана гьенир гIала-гъважаялъул гохIал.



Гьеби заманаялъул иш бугин телаан рацIцIалъи цIуниялъул рахъ нилъер цIакъго гIодобегIанаб куцалда гьечIебани. Гьанжеялдаса чанго соналъ цебе дун егун йикIана республикаялъул грязалъ сах гьарулеб больницаялда. Радал анализал кьезе инелъун ниж чангоял хехго рахъана больницаялъул минаялдаса къватIире. Гьеб букIана рогьалил хъахIлъи ракьалде тIибитIулеб заман. Больницаялъул азбаралде лъугьиндал гIодоре чIварал ахтабаз кунчI-кунчIун букIана гIодоб ва скамейкабазда цере бакIал. Нилъеца абуни хIухьел босула гьелъул бутIаби хутIулеб гьаваялдаса. Чан батIиял унтаби ругел гIадамазул туялда гъорлъ гьенир рукIине рес бугел.

Арал саназда харбал рукIана гIала-гъважаялъул цойги рес бугел жал гьариялдалъун халкъалъе пайда букIинабиялъул, ай гьеб къачIан пайдаялъе хIалтIизабиялъул. Гьедин буго Европаялъул церетIурал пачалихъазда. Масала, Германиялда гIала-гъважа баялъе щибаб хъизаналъе букIунеб буго анлъго яги микьго гьеб балел ящикал. Балеб буго жиб-жиб гIала-гъважа батIа-батIаго, гьелъул хъизаналъе щолеб буго гIарацги: улка буго бацIцIадго, берцинго лъикьаго нечеларедухъ.



Ахириял соназда телевизоралдасан гIемер рихьизарулел руго къватIисел пачалихъазул гIумро. Гьенир бер кIутIуларо нилъер бакIазда букIунеб гIадаб-гIала-гъважаялда. Гьанже гIадаб туризм цебе тIураб заманаялъ гьел нилъехъе рачIани, кинаб цIардай къватIисел пачалихъазул гIадамаз нилъеда чIвалеб?! Сверухълъи буго гIала-гъважаялъул цIун, гьутIбузда руго пихъазул бакIалда пакетал пархелел, свера-хъверун рохьахъ-кIкIалахъ, сеткабазда бохьун буго гьебго гIала-гъважа. Дир пикруялда сурила нилъ чанго сонидасан...

Нилъ бусурбаби ругелъул рачIа рацIцIалъи букIинабизин, гьадингояб жо,-ян течIого, кIвар буссинабизин сверухълъи бацIцIадго чIезабиялде. Гьеб буго жакъасеб къоялъул тIалаб.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

# РацIцIалъи кибго хIажалъула

Инсанас вижаралдаса хвезегIан хIаракат бахъула вацIцIадго, къачIан, берцинго вукIине ва хьвадизе. Гьединго киназего бокьула рокъобги, къватIибги, сверухълъиялдаги рацIцIалъи. Амма хал гьабураб мехалда бихьулеб буго нилъер тIабигIаталдехун лъикIаб гуреб бербалагьи букIин. Машинабазда рекIун унаго нилъеда гьеб халлъулеб гьечIо, гIодосан унаго бихьула: гIодоре рехарал чIорогосел шушбиги, гIала-гъважаги. Гьеб ккола нилъер ургъел гьечIолъи, тIабигIаталдехун тIаса-масагояб бербалагьи букIин. Машинаялда рекIун унаго цо-цояз агъазго гьечIого къватIибе рехула гIала-гъважаялъул пакет ва гь. ц. ХIухьбахъи гьабизе араб бакIалдаги бакI-бакIалда гьабула чороклъи, гьоркь тола гьеб. Гьенир рукIуна эбел-эмен, гIага-божарал, гьудул-гьалмагълъи, лъимал. Бегьиларищ цо I0-I5 минуталъ жалго рукIараб бакIалда рацIцIалъи гьабизе. Гьединаб бербалагьи бугони нилъер гьанире я къватIиса я бакI-бакIаздаса гIадамал рачIин щакаб жо буго. Хасго риидал заманаялъ рачIуна туристал, лъималгун цадахъ эбел-эмен. Гьадинаб ахIвал-хIал киса кибего букIинги бичIун,



лъан ва бихьун дагьал церегIан къояз сапар бухьана районалъул хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул централъул (ЦЗН) хIалтIухъан Рашидицаги, № I УСШ-ялъул учитель ГIабдулаев НурмухIамадицаги цадахъ цIалдохъабигун «Гебегалилъ» пост букIараб бакIалде. Гьез сверухълъи бацIцIад гьабуна чороклъиялдаса. КIиго УАЗ машина цIуна гьеб бакIалдаса. Хадубккунги гьезда ракIалда буго бакI-бакIазде ун сверухълъи чороклъиялдаса бацIцIад гьабизе. Аллагьас къуват кьеги гьезие ва ургъел бугелщиназе рацIцIалъи цIунизе. Гьеб нилъеда кIола, амма кIвахIаллъулел руго хIалхьи гьабураб бакIалда рацIцIалъи бук1инабиялъе.

**С. МУХIАМАДОВ**

Ахихъан

Районалъул газета
№ 28 (7477)
Итни
7 июнь 2021 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере










# Как правильно отдохнуть в детском лагере

По окончании учебного года сотни тысяч детей, подростков проводят часть каникул в летних оздоровительных, обучающих, спортивных, туристических, военно-патриотических лагерях. Значительная часть из них расположена вне городской черты, в том числе в полевых условияхпалаточных городков, а другие организованы при школах, где они учатся.

Учитывая сезонный характер, более сложные условия обеспечения пожарной безопасности на объектах, особое внимание каждый год перед началом летнего оздоровительного, обучающего сезона для детей младшего возраста, школьников администрацией городов, поселков; представителями различных надзорных органов, в том числе федерального пожарного надзора, уделяется противопожарному состоянию загородных летних лагерей, включая вариант их палаточного размещения.

### Требование к территории

На территории, в зданиях, сооружениях лагеря запрещается: курить, за исключением специально отведенных мест; разводить костры, сжигать мусор, устраивать факельные шествия, фейерверки с применением пиротехнических средств и т.п.; перекапывать дороги, проезды и подъезды к зданиям и водоисточникам до устройства объездов и других подъездов.

На участок лагеря должно быть не менее двух въездов, выходящих на противоположные дорожные магистрали, для беспрепятственного прибытия пожарных подразделений с разных сторон. На пути движения автотранспорта к лагерю при съезде с основной магистрали, а затем при каждом повороте или разветвлении дороги необходимо устанавливать указатель с наименованием лагеря и расстоянием до него. Дороги на территорию лагеря должны иметь твердое покрытие шириной не менее 4 м, их следует содержать всегда в исправном состоянии и освещать в вечернее и ночное время. Дороги и подъезды к зданиям, сооружениям, пожарным гидрантам, искусственным и естественным водоисточникам, а также подступы к зданиям, стационарным пожарным лестницам и первичным средствам пожаротушения всегда должны содержаться в исправном состоянии и не загромождаться различными материалами и оборудованием.

Зимой дороги, проезды, подъезды к зданиям, водоисточникам и крышки гидрантов следует систематически очищать от снега и льда. О закрытии дорог или проездов для их ремонта или по другим причинам, препятствующим проезду пожарных машин, необходимо немедленно сообщать в подразделения пожарной охраны. На период закрытия дорог в соответствующих местах должны быть установлены указатели направления объезда или устроены переезды через ремонтируемые участки и подъезды к водоисточникам. Территория лагеря должна иметь наружное освещение в темное время суток для быстрого нахождения пожарных гидрантов, наружных пожарных лестниц и мест размещения пожарного инвентаря, а также подъездов к пирсам пожарных водоемов, к входам в здания и сооружения. Места размещения (нахождения) средств пожарной безопасности и специально оборудованные места для курения должны быть обозначены знаками пожарной безопасности, в том числе знаком пожарной безопасности «Не загромождать».

Инструкции Противопожарный режим на территории лагеря, а также в отдельных зданиях и помещениях определяется приказом директора и общелагерными противопожарными инструкциями, а также инструкциями для отдельных зданий и помещений в соответствии с их пожарной опасностью.

Текст приказа и инструкции подписываются директором лагеря.

В инструкциях определяются меры пожарной безопасности в целом для лагеря, излагается порядок:

а) осмотра спальных корпусов после отхода детей ко сну и вспомогательных помещений – после окончания работы;

б) содержания и уборки территории лагеря, зданий, помещений и сооружений, в том числе эвакуационных путей – дорог, проездов и подъездов к зданиям, сооружениям и водоисточникам; в) проведения различных строительных и ремонтных работ, в том числе электрогазосварочных, окрасочных, огневых и других пожароопасных работ;

г) обесточивания электрооборудования по окончании рабочего дня и в случае пожара;

д) содержания первичных средств пожаротушения, связи и автоматической пожарной сигнализации;

е) хранения (в том числе нормы хранения и транспортировки) пожароопасных веществ и материалов;

ж) режима курения сотрудников на территории лагеря (определение мест для курения и их оборудование);

з) предельных показаний контрольно-измерительных приборов (манометры, термометры и др.), отклонения от которых могут вызвать пожар или взрыв; и) прохождения (сроки, порядок и ответственные за проведение) противопожарного инструктажа и занятий по пожарно-техническому минимуму;

к) действий работников и их обязанности при обнаружении пожара и другое.

Лица, которым поручено проведение мероприятий с массовым участием детей (вечера, сборы, дискотеки, торжества вокруг новогодней елки, представления и т. п.), обязаны перед их началом тщательно осмотреть помещения и убедиться в полной готовности их в противопожарном отношении.Подробнее в статье: Инструкции о мерах пожарной безопасности.

### Инструктажи

Со всем обслуживающим персоналом лагеря необходимо проводить противопожарный инструктаж, который проводит непосредственно директор лагеря или лицо, его заменяющее, а также в обязательном порядке отрабатываются действия по эвакуации детей на случай пожара. Категорически запрещается допускать к работе вновь принятых или переведенных на другую должность сотрудников лагеря без предварительного прохождения ими противопожарного инструктажа.

После заезда и в дальнейшем ежемесячно с каждым лицом из обслуживающего персонала непосредственно на его рабочем месте или исходя из его должностных обязанностей проводится повторный инструктаж. О проведенном повторном инструктаже делаются соответствующие записи и росписи в ведомости учета противопожарного инструктажа.

Поэзиялъул букІон

## МахІмудил ВатІан

ЦІумаз бусен лъурал кьурабазда тІад
ТІабигІат берцинаб МахІмудил ВатІан,
ТІугьдузул майдаби, беричал рохьал,
Хьул дир буссунареб Бекь-ХъахІабросо.
БацІцІадаб рокьул кечІ халкъалъе тарав
Сариназул къайсар загьир гьавураб,
Хвел гьечІеб цІаралъул цІум жанив гІураб
ГІищкъуялъул къилба, Къайисил улка!
ХІасраталъул гьундул, балаялъул си
Гьоболлъи, гьудуллъи цІунараб свери,
Ирсалъе ритІухъаб, тІекълъи рихараб
РекІелъ яхІ бергьараб, росдал жамагІат.
КІудияб гІаданлъи, къвакІараб гІадлу
Къо бихьун гІуцІараб яшав-магІишат,
Ракълил гІумроялъул гІадатияб халкъ
ХІалтІулъ лъадарарал «хІарччилазул» ракь.
ТІаде рачІаразул хІурмат цІикІкІарал
ЖахІда-хІусуд гьечІел тІадмагІарулал,
Умумазул гІамал жаниб цІунараб
Дир гІагараб, ВатІан, дир ХъахІабросо!

**Сулейман МУХІАМАДОВ.**

## Малъе лъималазда рахьдал мацІ!

МагІарул мацІалъул ургъел бугев чи
КъанагІатги дида данде чІваларо,
Киве щвананиги щибаб бакІалда
Щурун бицунеб жо гІарцул батула.
Гьаб сверухълъиялда валагьаниги
Доб гІолилаб заман щола ракІалде,
МагІарул мацІалда ахІи-хІуралда
КъватІахъ расандулел рукІунаан ниж.
Жанив дун цІалараб росдал школа
Рахьдал мацІ бицунел ниж цІалдохъаби,
Жалго гІадатиял, гІамал берцинал
Мисаллъун хутІарал мугІалимзаби.
МагІарул мацІ буго нилъер рухІгин жан
РухІияб бечелъи умумаз тараб,
Малъе лъималазда, нилъер рахьдал мацІ
Биччаге биххизе магІарул миллат,
МацІ гьечІев, цІар гьечІев магІрулавлъун
Хут1изе нилъее хъван батугеги!

## Хатимат МухІамадовалде

Дагъистан халкъалъул бахІарчІужуян
Жиндие цІар щварай, тІадмагІарулай,
МагІарул росабалъ, кули-мархьуда
Мун щвечІеб бакІ гьечІо Дагъистаналда.
КъулгІадухъ гІеретІгун лъел цІолейги мун
Щар чІвалей кІодогун хабаралда мун,
Корохъ чед бежулел руччабигун мун
Школазда дарсахъ гІенеккунги мун.
Щибаб музеялда гьоболлъунги мун
Авар театралда артисталгун мун,
Диниял ишазул мажлис - ишалъул
Халкъалъе бицуней гьоркьохъанги мун.
Халича бессулел ясалгунги мун
Буртаби рукъулел гІандиселгун мун,
ГьечІого гІоларей насихІатчІужу
Халкъалъе лъай кьолей чІаго таги мун!
Мун релъун йихьула АхІулгохІалда
Шагьидлъун яхъарай Ханзадайида,
Хасаб хинлъи буго дур рагІабазулъ
ГІинтІамун ругезул чорхолъ рессулел.

**ТІалх1ат АХЪБЕРДИЕВ**

Сахлъи

## Ургьимесги херлъула

(ГІолохъанаб мехалъ гІадаб букІунаро ригь арал гІадамазул квараб жо бигьинаби. Кин гьеб хисулеб ригь индал? Ва кІолищ гьеб лъикІлъизабизе?)

**Щиб лъугьунеб кванирукъалъе?**

Ригь араб заманалда захІмалъула кванирукъалъе квен бигьинабизе, гІемер лъугьине рес буго гастрит, кванирукъалъул кислотность гІодобе ккей. ЦІамул кислотаялъ битІа-бишун чІезабула гьеб ва гьелъ жибго цІуниялъулаб факторалги хвезарула. Гьелъ нух рагьула рахунел унтабазде: цІикІкІуна эрозия, ругънал лъугьунеб унти. Кванирукъалъул цІваки хвеялъ дагьаб гурони квен унаро жанибе. Ригь араб мехалъ слизистиял оболочкабаз дагьго гурони ферментал лъугьинаруларо, гьеб абуни чара гьечІого хІажалъула В І2 витамин букІине кколедухъ хІалтІизабизе. Гьелъ рачине бегьула анемия лъугьиналде.

**Бакъвараблъун лъугьуна ццин**

Ригь арав чиясул поджелудочнияб железоялъ дагьго лъугьинабула желчь ва сок. Желчалъ кумек гьабула жирал ва гьел лъугьинабулел витаминал риинариялъе ва бакь-кІачалъул моторика лъикІ хІалтІизабула. Желчь бакъвалъун букІиналъ ригь арал гІадамазе хІинкъи буго ганчІал лъугьиналъул. ГІемерисел чІахІиял гІадамазул гьеб ригь щвелалдего нахъе босун букІуна желчалъул пузырь. Гьелъ дагьабги цІикІкІун захІмалъизабула квен бигьинабулеб системаялъул хІалтІи. Поджелудочнияб железаялъ кІванагІан дагь риинарула белкаби, жирал ва углеводал риинарулел жал. Гьелъ гІодобе ккезабула кванирукъалъул хІалтІи.

**Херлъула организмги бакь-кІачги**

Бакь-кІачалъул слизистияб оболочкаги «херлъула», тІатІал ккун тамахлъун лъугьуна гьелъул квен бигьинабулел бутІаби. Гьелъ гІодобе ккезабула бакь-кІачалъул пайдаял жал гьорлъе цІай. Бакь-кІачалъул тІеренал бакІазда гІемерлъизе рес буго унтаби лъугьинарулел бактериял. Гьелдаса хадуб байбихьула чехь унтизе, цІайи гІодобе ккезе. Витамин В І2 жанибе цІула бакьалъ. Гьеб процессалъ рачуна анемиялдеги. Гьелъул симптомал рукІуна кьер тІей, рухІ дагьлъи, цІикІкІараб свакай. Ферментазул дисбалансалъ ригь арал гІадамазул лъугьине рес буго рахьдал продуктабазул квен бегьунгутІиги.

## Саназде рахинчІезул комиссиялда



«Амма гьелъ гІайиб тІаса унаро нилъедасаги. Нилъеца берзукьа биччана кІвар бугеб лахІзат»,-ян тІадчІей гьабуна М. ХІамзатовас. Рихьизаруна гІемерал гьединал балагьал ккеялдаса цІуниялъе ресал. Гьеб рахъалъ лъималазда гьоркьоб гьабулеб бугеб хІалтІул бицана комиссиялъул секретарь П. МухІамадовалъ. Гьелъги бихьизабуна суицид ракІалда бугеб лъимералъул хасият лъазабизе захІматаб жо бугин, гьединлъидал къокъаб заманалда гІолеб гІелалда гьоркьоб, кинабго рахъ жанибе бачараб хІалтІи гьабизе кколин.

Гьединго данделъиялда суал хъатІана «Защита» профилактикияб тадбир тІобитІиялдаги. Гьелда хурхун бицана лъималаздехун ццим бахъун кІалъалел, гьездехун хІал-зулму гьабулел камулел гьечІин. Гьезие тарбия кьеялъул хІалтІи заманаялъул тІалабазда рекъон гІуцІизе, гьездехун мекъияб бербалагьи гьабулел лъазаризе кколин.

Гьединабго тадбир районалда ине буго І0 июналда.

Унсоколо районалъул администрациялъул тІолабго коллективалъ, профсоюзалъул комитеталъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасда, эбел Хадижатида, вацазда, яцалда ва тІолабго гІагарлъиялда нагагьаб балагьалдалъун вац

**НурмухІамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тІовитІун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

Районалъул ЕИСалъул ва «Ахихъан» газеталъул хІалтІухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго муниципалитеталъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасда, ва тІолабго гІагарлъиялда нагагьаб балагьалдалъун вац

**НурмухІамад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тІовитІун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

**ЛЪАЗАБИ**

2006 соналъ Балахьуни гьоркьохъеб школалъ ХІусейнов ХІажи ГІабдусаламовичасул цІаралда кьураб, Б 5052046 номералъул гьоркьохъеб школа лъугІиялъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хІакъикъияб гуреблъун рикІкІуна

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 5. 6. 2021 г. 17.05
фактически -18. 30 мин.
.......................................

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.